



Cleveland Clinic
Florida

Konsènan Direktiv Davans yo

Yon Soulajman Pou Ou...

Yon Kado pou Moun Pwòch Ou yo.

Direktiv Davans

Chak granmoun gen dwa pou dirije pwòp swen medikal li. Direktiv davans yo ede garanti dwa sa a si ou pa kapab pran desizyon sou swen sante. Se poutèt sa Cleveland Clinic rekòmande pou chak moun ki gen laj 18 lane oswa plis gen yon direktiv davans nan dosye medikal elektwonik ou epi ou gen konvèsasyon ak moun k ap pran desizyon pou ou epi ak moun pwòch ou yo.

Direktiv davans se dokiman legal ki bay direktiv alekri konsènan kimoun ki dwe pran desizyon medikal pou ou ak sa ou vle nan fen lavi ou, si ou pa kapab pale pou tèt ou. Daprè Lwa Florid, twa kalite direktiv davans yo se: yon Deziyasyon Ranplasan pou Swen Sante, yon Pwokirasyon Dirab pou Swen Sante, ak yon Testaman Byolojik. Dokiman sa yo pèmèt ou planifye davans paske ou kominike direktiv ou pou swen sante ou ba ekip medikal ou ak ba moun pwòch ou yo.

Planifye Alavans: Dokimante desizyon pèsònèl sou swen sante ou yo

Cleveland Clinic pran angajman pou bay swen sante kalite siperyè. Anplis swen medikal ekspè, nou fè tout efò pou ofri ou yon eksperyans pasyan siperyè ki kòmanse avèk respè preferans ou yo.

Nou kwè nou gen responsablite pou enfòmè ou sou dwa ou pou pran desizyon pèsònèl sou swen sante ou. Sa pral ede ou fè chwa reflechi pou ou ka gen yon eksperyans pasyan pozitif. Lè ou ranpli direktiv davans pou ou planifye alavans, ou ka santi ou gen konfyans paske ou konnen ou gen kontwòl sou desizyon k ap vini pou swen sante ou.

Direktiv davans yo enpòtan sitou si:

- Responsab swen ou an oswa reprezantan pou swen sante ou pa paran legal ki pi pwòch ou;
- Ou gen plizyè paran ki pi pwòch; OSWA
- Ou gen dezi medikal byen presi akòz yon pwoblèm medikal, afilyasyon relijye oswa sityasyon fanmi.

Fòm pou Deziyasyon Ranplasan pou Swen Sante a pèmèt ou idantifye tou yon lòt ranplasan sizoka yo pa ka rive jwenn ranplasan prensipal pou swen sante ou an.

San yon dokiman valab Deziyasyon Ranplasan pou Swen Sante oswa Pwokirasyon Dirab pou Swen Sante, lwa Florid rekonèt yon “lòd priyorite” pou nonmen yon mandatè pou pran desizyon si ou pa kapab pran desizyon sou swen sante pou tèt ou.

- (1) Gadyen tribinal nonmen (si gen youn ki egziste),
- (2) mari/madanm pasyan an,
- (3) Majorite timoun adilt ki disponib yon fason rezonab pou konsiltasyon,
- (4) Yon paran pasyan an,
- (5) Majorite nan frè ak sè granmoun (frè oswa sè) ki disponib yon fason rezonab pou konsiltasyon,
- (6) Lòt fanmi granmoun ki pi pre ki te montre swen ak enkyetid espesyal pou pasyan an, epi ki te kenbe kontak regilye avèk pasyan an, epi ki abitye avèk aktivite, sante ak kwayans relijye oswa moral pasyan an,
- (7) Yon zanmi pwòch pèsònèl pasyan an jan sa defini nan 765.101(3) nan Lwa Florid yo,
- (8) Finalman, yon travayè sosyal klinik, jan sa endike nan Lwa Florid 765.401.

Dwa ou ak chwa ou

Ou gen dwa pou chwazi pwòp swen medikal ou baze sou valè ou, kwayans ou ak chwa pèsònèl ou.

Ou gen dwa pou ranpli dokiman direktiv davans lan, san okenn frè, depi ou konprann opsyon ou yo epi ou ka kominike volonte ou.

Ou gen dwa pou PA ranpli dokiman direktiv davans. Direktiv Davans yo se toujou si ou vle.

Fason pou ranpli fòm direktiv davans

Ou pa bezwen yon avoka pou ranpli yon dokiman pou Deziyasyon Ranplasan pou Swen Sante oswa Testaman Byolojik. Pou li valab, de temwen dwe siyen fòm yo. Temwen yo dwe granmoun epi yo pa kapab yon moun ou nonmen kòm yon ranplasan sou dokiman an. Omwen youn nan temwen yo pa dwe fanmi menm san, ni mari/madanm pasyan an.

Tip Direktiv Davans yo

Dokiman	Definisyon	Kilè yo itilize l
Deziyasyon yon Ranplasan pou Swen Sante	<p>Yon dokiman legal pou ou idantifye kiyès ou fè konfyans pou resevwa enfòmasyon epi pran desizyon sou swen sante pou ou.</p> <p>Yo rele moun sa a “ranplasan pou swen sante ou.”</p>	<p>Otorite ranplasan swen sante ou an pèmèt li patisipe nan desizyon sou swen sante onon ou lè ou pa kapab patisipe nan desizyon y ap pran epi kominike desizyon yo oumenm.</p> <p>Otorite ranplasan pou swen sante ou an ka kòmanse imedyatman san tann pou yon doktè detèmine ou pa kapab pran pwòp desizyon pou swen sante ou si ou te fè seleksyon sa a prezeman sou fòm deziyasyon ranplasan pou swen sante a.</p>
Pwokirasyon Dirab pou Swen Sante	<p>Yon dokiman legal ki deziyen yon avoka de fakto pou pran desizyon sou swen sante pou ou. Dokiman an egzije yon notè anplis siyati de temwen yo.</p> <p>Yon pwokirasyon dirab pou swen sante pa menm ak yon pwokirasyon finansye.</p>	<p>Sòf si gen yon lòt bagay ki endike nan dokiman an, Pwokirasyon Dirab pou Swen Sante a antre anvigè lè ou pa kapab pran pwòp desizyon sou swen sante ou. (Pa egzanzp: ou anba anestezi jeneral, anba sedasyon, san konesans, nan koma, elatriye)</p>
Testaman Byolojik	<p>Yon dokiman legal ki itilize pou transmèt volonte pou fen lavi ou pou sispann oswa pou retire pwosedi pou pwolonje lavi, ki kapab gen ladan nitrisyon ak/oswa idratasyon atifisyèl oswa tenolojik, pou “pèmèt ou gen yon lanmò natirèl.”</p> <p>Yon testaman byolojik pa menm bagay ak dènye volonte ak testaman.</p>	<p>Yo itilize Testaman Byolojik la lè de doktè detèmine yon fason endepandan ke ou gen yon eta vejetatif nan dènye estad oswa ki pèsistan epi pa gen anpil chans ou pral reprann kapasite pou pran pwòp desizyon sou swen sante ou.</p>

Lòd pou Pa Reyanime (Do Not Resuscitate, DNR)

Yon Lòd pou Pa Reyanime (Do Not Resuscitate, DNR) se pa yon direktiv davans. Se yon lòd medikal pou yon doktè pou pèmèt lanmò natirèl. Yon lòd DNR diskite epi ki ekri lè reanimasyon kadyopilmonè (Cardiopulmonary Resuscitation, CPR) pa ta reyalize rezilta ki swete kay pasyan ki gen yon pwoblèm nan dènye estad oswa yon maladi grav epi plan swen yo antann sou li a se pou pèmèt yon lanmò natirèl. Yon lòd DNR avèti founisè swen sante yo pa fè CPR sizoka kè a oswa respirasyon an sispann.

Lwa Florid yo prevwa yon fòm pou lòd DNR pasyan ekstèn ki avèti teknisyen medikal dijans yo (Emergency Medical Technician, EMT) oswa paramedik yo pou pa bay CPR sizoka kè a oswa respirasyon an sispann. Pou li kapab valab, yon doktè, pasyan an oswa reprezantan pasyan an dwe siyen li, epi li dwe enprime sou papey jòn. Yon manm fanmi pa kapab anile yon lòd DNR pasyan an antann sou li san konsantman pasyan an.

Fè chanjman nan fòm direktiv davans ou yo

Pou asire direktiv davans ou yo rete ajou epi montre preferans ou yo avèk presizyon, li enpòtan pou revize fòm ou yo omwen chak 5 ane oswa lè ou gen yon evènman enpòtan nan lavi ou tankou maryaj, divòs, yon nouvo dyagnostik medikal, oswa lanmò yon moun pwòch ou. **Ou ka revoke (detwi oswa anile) yon direktiv davans nenpòt lè.** Pou fè chanjman nenpòt lè nan fòm direktiv davans ou, ou gendwa (1) ranpli ak siyen nouvo fòm ki pral revoke otomatikman tout fòm anvan yo, (2) siyen yon fòm oswa deklare vèbalman entansyon ou gen pou detwi oswa chanje fòm ou gen kounye a, oswa (3) detwi oswa bay yon lòt moun lòd pou detwi fòm lan onon ou. Ou dwe asire ke founisè swen sante ou yo gen vèsyon ki pi resan an.

Pale avèk moun pwòch ou yo sou volonte ou

Li difisil pou pale sou kesyon fen lavi; sepandan, se yon kado pou moun pwòch ou yo. Si manm fanmi ou okouran preferans ou yo, yo pral pi alèz pou pataje volonte ou avèk ekip medikal la si sa nesèsè. Nou sijere pou w sèvi ak Pwojè Konvèsasyon an (<https://theconversationproject.org/>) pou ede gide ou nan refleksyon sou volonte ou, objektif ak valè ou yo, epi pataje yo ak moun pwòch ou yo.

Nou ankouraje ou pran tan ou bezwen pou ranpli direktiv davans ou yo. Si ou pa alèz pou ranpli yo oswa si ou bezwen èd, gen resous ki disponib pou ede ou ak pou reponn nenpòt kesyon oswa enkyetid ou ka genyen.

Konnen tout pasyan Cleveland Clinic yo benefisye menm swen pasyan kalite siperyè yo, kèlkeswa si yo gen direktiv davans nan dosye medikal la.

Kisa pou mwen fè ak fòm mwen yo apre mwen fin ranpli yo?

Apre ou fin ranpli fòm yo, pale avèk moun ki gendwa ap patisipe nan pran desizyon sou swen sante ou, epi ba yo yon kopi fòm ou an pou asire yo respekte volonte ou yo.

Nou ankouraje pou w fè mete yon kopi direktiv davans ou nan dosye medikal elektwonik ou nan Cleveland Clinic. Tanpri pote dokiman direktiv davans ou nan pwochen randevou ou.

Don ògàn, tisi ak zye

Ou pran desizyon si ou vle pou fè don ògàn, tisi, oswa zye epi ou ka anrejistre yo nan rejis ògàn Florid la nan <https://www.donatelifeflorida.org>. Vin yon donatè ògàn, tisi ak zye se pataje lavi vrèman avèk lòt moun. Lè ou mete non ou sou rejis donatè ògàn, tisi ak zye Florid la, ou bay konsantman pou mete ògàn, tisi ak zye ou disponib pou transplantasyon apre lanmò ou.

Plis Resous

Ou ka jwenn videyo, enfòmasyon ak fòm direktiv davans yo nan: <https://my.clevelandclinic.org/patients/information/medical-decisions-guide/advance-directives>